



Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo : A-450

Sijè: PWOSEDI POU TRANSFÈ ENVOLONTÈ

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 jen 2026

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-450 ki gen dat 20 janvyè 2011.

Chanjman:

- Yo ranplase referans ak direktè Borough pou sispansyon elèv (Borough Director of Student Suspensions) avèk direktè egzekitif kilti ak kliman nan lekòl (Executive Director of School Culture and Climate).

Seksyon I. Entwodiksyon

- Di ke si yon elèv gen move konduit ki mande sispansyon, yo gen dwa pa ka fè yon transfè nan plas sispansyon, men yo ka konsidere l kòm yon repons anplis kote konpòtman sijere elèv la ka benefisye yon plasman lekòl ki diferan.
- Retire dispozisyon sou fouy pèsonèl elèv ak metal detektè Ajan sekirite lekòl fè

Seksyon II. Pwosedi pou prevansyon

- Klarifye pèsonèl lekòl la dwe angajman efò pou fè prevansyon avan yo fè yon transfè envolontè.
- Deplase seksyon sou pwosesis transfè envolontè a nan diskisyon ki nan seksyon III sa ki ka rive apre konferans direktè a.

Seksyon III. Konferans direktè a

- Retire kondisyon ki di direktè a dwe kontakte Borough Director of Student Suspensions an avan li pwograme yon konferans direktè.
- Pèmèt konferans direktè a fèt anpèsòn oswa adistans sou yon platfòm DOE apwouve.
- Di si yon paran dakò yon transfè, biwo enskripsyon elèv (Office of School Enrollment, OSE) pral idantifye yon lòt lekòl pou elèv la.
- Egziye pou direktè, mete yon rekòmandasyon pou tip lekòl ki ka satisfè bezwen elèv la, lè l ap rekòmande transfè.

Seksyon IV. Desizyon direktè egzekitif la

- Di si direktè egzekitif la dakò pou rekòmande yon transfè, l ap kowòdone ak Office of Student Suspensions pou bay elèv la ak paran l yon avi sou dwa yo genyen pou mande yon odisyon.
- Mete ajou kontni lèt avi a.

- Egziye pou yo fè odisyon yo prese-prese.
- Pèmèt odisyon yo fèt adistans oswa an pèsòn, si paran an mande sa.
- Di si si paran an pa prezante, yo ka pwograme yon odisyon yon fwa nan espas twa jou lekòl.
- Redui kantite tan pou direktè egzekitif la bay yon desizyon apre odisyon an soti nan dis pou mete l nan senk jou lekòl.
- Di si Office of Student Enrollment, nan chita pale ak Sipèentandan an, deside yon plasman lekòl ki apwopriye.
- Klarifye ke direktè egzekitif la gen pouvwa pou deside dat transfè a ap efektif dapre sikonstans yo.

Seksyon V. Apèl

- Retire dispozisyon ki di elèv oswa paran ka mande yon desizyon tanporè bòkote Chanselye a konsènan transfè envolontè elèv la pandan y ap tann yon desizyon apèl.



Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo : A-450

Sijè: PWOSEDI POU TRANSFÈ ENVOLONTÈ

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 jen 2026

REZIME

Règleman sa a kontwole transfè envolontè elèv edikasyon jeneral, klas K-12. Li ranplase Règleman Chanselye A-450, Pwosedir pou transfè envolontè, ki te gen dat 20 janvye 2011.

I. ENTWODIKSYON

Règleman sa a dekri pwosedir pou fè transfè envolontè elèv ki nan edikasyon jeneral dapre seksyon 3214(5) Lwa edikasyon Eta Nouyòk. Elèv ki gen andikap, ladan elèv yo panse ki gen yon andikap pou rezon disiplin dapre regleman chanselye A-443 a ak pwosedir fonksyonman nòm edikasyon espesyal (Special Education Standard Operating Procedures, SOPM) ka pa ka transfere envolontèman. Kote elèv ki gen andikap yo ka benefisye yon chanjman nan plasman lekòl, yo dwe pwograme yon reyinyon IEP.

Lè konpòtman yon elèv, byennèt sosyal ak emosyonèl elèv la ak/oswa dosye ak, ademikapre yo fin aplike entèvansyon ki apwopriye, ki demontre transfè elèv la ap pi nan avantaj li oswa jwen pi bon sèvis edikatif yon lòt kote, direktè a ka fè yon transfè envolontè avèk règleman sa a. Yo ta dwe fè tout efò pou redui tout entèripsyon nan edikasyon elèv la. [Sonje: Si yon elèv gen move konduit ki mande sispansyon, jan yo dekri l nan Kòd disiplin lan ak nan Règleman Chanselye A-443 an, yo ta dwe pran mezi sispansyon. Yo pa ka fè transfè envolontè nan plas sispansyon, men yo ka konsidere yon transfè kòm yon repons anplis pou konpòtman ki ta sijere yon plasman nan yon lòt lekòl t ap pi apwopriye pou elèv la.]

II. PWOSEDI POU PREVANSYON

A. Mezi nan lekòl

Pèsonèl lekòl la responsab pou devlope ak itilize divès mezi epi ankouraje bonjan aprantisaj epi korije konpòtman ki gen efè negatif sou pwosesis edikasyon an. Lè konpòtman ak/oswa dosye akademik yon elèv fè konnen adaptasyon l nan lekòl pa bay satisfaksyon, pèsonèl lekòl la dwe devlope plan epi dekouvri teknik pou korije

pwoblèm konpòtman yon elèv epi diskite mwayen sa yo avèk elèv la ak paran l.¹ Plan sa yo ka gen ladan yo itilizasyon lòt materyèl edikatif ak/oswa lòt metòd, lòt teknik pou jere salklas, sèvis konpansasyon, lòt plasman nan klas, sipò pedagogik, ak/oswa sèvis pou konsidere sitiyasyon pèsònèl ak famiyal. Yo ta dwe dekri tout efò yo fè pou prevansyon nan dosye elektwonik elèv la. Efò yo fè pou prevansyon ka gen ladan, lè sa apwopriye, yon rekòmandasyon ba Komite Edikasyon espesyal pou evalyasyon an oswa lòt evalyasyon.

B. Pwosesis pou fè transfè envolontè

Pandan l ap tann pwosesis tansfè a fini, yon elèv dwe rete nan lekòl li ye a sof si yo sispann li dapre Règleman chanselye A-443 a epi yo voye l nan yon lòt lekòl oswa sof si paran an dakò pou yon transfè.

III. KONFERANS DIREKTÈ A

Si efò pou ede elèv la adapte li nan lekòl la pa reyisi, epi direktè a kwè elèv la t ap benefisye plis si yo transfere l oswa t ap jwen pi bon sèvis edikatif nan yon lòt lekòl, direktè a ka pwograme yon konferans avèk paran an pou diskite ki transfè k ap pi bon pou elèv la

A. Avi

1. Direktè a/ reprezantan l ap voye avi alekri ba elèv la ak paran l pou di l ke y ap konsidere yon rekòmandasyon pou transfere elèv la. (gade modèl lèt ki disponib nan: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>).
2. Yo dwe mete nan lèt la: (1) dat, lè ak adrès kote konferans direktè avèk paran an ap fèt pou diskite transfè a, (2) paran ansanm avèk elèv la gen dwa pou yon kabinè avoka oswa nenpòt lòt moun akonpaye yo nan konferans lan, (3) paran an gen dwa mande yon kopi dosye elèv la avan konferans lan. (4) si lang paran an prefere pale se pa anglè, li ka fè demand sèvis entèpretasyon lè l rele direktè a avan dat konferans lan oswa vini avèk yon entèprèt ki pou ede l nan konferans lan.

B. Konferans direktè a

1. Konferans direktè a bay yon fowòm pou diskite done ki jistifye desizyon direktè a pou konsidere transfere elèv la. Li prezante yon opòtinite pou diskite bezwen akademik ak konpòtman elèv la ak tout lòt mezo oswa estrateji ke yo itilize avan pou konsidere bezwen sa yo.
2. Se direktè a ki dwe fè konferans lan. Yo ka fè konferans lan anpèsòn oswa adistans sou yon platfòm DOE apwouve. Si yon paran mande ranvwaye konferans lan, direktè

¹ Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a ap vle di paran elèv la oswa tout moun oswa responsab ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv oswa nenpòt moun paran an mete pou aji "kòm paran" loco parentis, oswa jan sa di l nan regilasyon chanselye A-101, oswa elèv la menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen 18 lane.

a dwe repwograme l imedyatman. Yo pa p otorize okenn lòt demann pou repwograme konferans lan si pa gen sikonstans espesyal. Si apre ayo fin bay avi ki apwopriye, elèv la ak paran an absan, direktè a dwe fè konferans lan epi l ap mete ladan efò otorite lekòl yo te fè pou asire yo paran an ak elèv la te prezan. Y ap enfòmè paran an alekri sou konferans ki te fèt nan dat yo te prevwa a ak sou tout desizyon yo te pran.

3. Elèv la ak paran l ka vini ak yon avoka oswa yon lòt moun pou ede yo nan konferans lan. Direktè a ka mande estaf lekòl la ki konnen elèv la pou yo patisipe nan konferans lan, si sa nesesè. Konferans la pa yon pwesedi fòmèl, ki konteste men pito yon odizyon pou gide epi li pa ta dwe tounen yon konfli. Avoka a oswa defansè a ka patisipe dapre nati enfòmèl konferans lan.
4. Si lang paran an pale pi byen an pa anglè, paran an ka mande pou DOE bay l entèprèt si l kontakte direktè a avan dat konferans lan oswa li ka vini ak yon entèprèt pou ede l nan konferans lan.
5. Lè direktè a fin resevwa demand paran an, li dwe ba l yon kopi dosye elèv la.
6. Apre konferans lan:
 - a. Paran an ka dakò avèk transfè elèv li a, nan ka sa a Biwo enskripsyon elèv (Office of student Enrollment) pral idantifye yon lòt lekòl pou elèv la. Si paran an pa dakò avèk transfè elèv li a, lekòl la ka kòmanse pwosesis pou fè transfè envolontè jan sa dekri pi ba a.
 - b. Si direktè a kwè yon transfè pa nesesè, l ap konseye elèv la ak paran l alekri nan espas senk (5) jou lekòl apre konferans la fin fèt epi l ap mete rekòmandasyon pou estrateji pou satisfè bezwen elèv la.
 - c. Si, apre konsiltasyon avèk sipèentandan/reprezantan l, direktè a konkli l ap nan avantaj elèv la pou yo transfere l oswa elèv la ap resevwa yon edikasyon ki adekwa ak apwopriye nan yon lòt lekòl, direktè a dwe bay Direktè egzekitif kilti ak atmosfè nan lekòl (Executive Director of School Culture and Climate) ("Direktè egzekitif") la, oswa ranplansan Biwo Sekirite ak Devlopman Jènn (Office of Safety and Youth Development, "OSYD") deziyen an, yon rekòmandasyon pou transfè alekri nan espas senk (5) jou lekòl. Rekòmandasyon alekri direktè a dwe gen ladan l yon deskripsyon pwoblèm konpòtman ak/oswa pwoblèm akademik ki pale sou bezwen pou transfè ak yon deskripsyon lòt mwayen ki genyen ak mezi yo te pran avan pou reponn avèk bezwen elèv la. Direktè a dwe tou mete yon rekòmandasyon pou tip lekòl ki ka satisfè bezwen elèv la, lè l ap rekòmande transfè. Yo dwe bay elèv la ak paran l yon kopi lèt rekòmandasyon direktè a (gade modèl lèt ki disponib nan: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>).

IV. Desizyon direktè egzekitif la

A. Responsablite preliminè

Aprè li fin resevwa yon rekòmandasyon pou transfè nan men direktè a, direktè egzekitif la ka:

1. Deside yon transfè envolontè pa apwopriye, epi avèti direktè a ak paran an alekri ke yo ta dwe fè plis efò nan nivo lekòl la nan non elèv la; oswa
2. Aksepte rekòmandasyon direktè a pou konsiderasyon ak avèti elèv la ak paran an alekri sou transfè yo te pwopoze a ak dwa yo genyen pou mande yon deba, jan yo dekri l pi ba a.

B. Avi

Direktè egzekitif lan ap travay ansanm avèk Biwo sispansyon elèv (Office of Student Suspensions) oswa ranplasan l pou bay elèv la ak paran l avi sou dwa yo genyen pou mande yon odisyon. Yo pral mete nan lèt avi a enfòmasyon sa yo (gade modèl lèt ki disponib nan: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>).

1. Rezon presi pou konsidere transfè sa a.
2. Yon deklarasyon ki di ke elèv la ak paran an gen dis (10) jou pou l mande yon odisyon.
3. Avi ki di yo mande yon deba, dat, lè ak kote odisyon an ap fèt la epi transfè yo pwopoze a pa p efektiv jiskaske yo delivre yon desizyon alekri apre deba a sofsi paran an dakò alekri pou yon transfè imedya pandan y ap tann deba a. Sepandan, menm si paran an dakò pou yon transfè imedya, sa pa p konstitiye yon anilasyon dwa li genyen pou yon deba.
4. Avi ki di pa gen yon paran ki mande yon deba nan espas dis (10) jou, transfè yo pwopoze a ap efektiv apre delè dis (10) jou a fin pase sofsi paran bay konsantman alekri pou transfè a nan yon dat avan.
5. Avi sou dwa pou vini ak kabinè avoka pou ede yo nan odisyon an; elèv la ak paran gen dwa pou poze temwen yo kesyon epi prezante temwen ak prèv nan non elèv la epi mande pou yo ka voye lòd konparisyon pou temwen nan biwo odisyon (Hearing Office) lan.
6. Yon lis ajans kominotè ki ofri asistans jiridik gratis oswa bon mache.
7. Avi sou dwa pou vini ak yon entèprèt oswa mande pou DOE bay yon entèprèt nan deba a si lang paran an pale a pa anglè.
Si paran an pa mande yon deba apre dis (10) jou fin pase oswa si paran an pa bay konsantman alekri pou transfè a avan sa, Direktè egzekitif la, nan kolaborasyon ak direktè egzekitif pou enskripsyon nan Borough a oswa reprezantan l, ap deside yon plasman lekòl ki apwopriye. Direktè pou sispansyon elèv Borough a ap voye yon lèt ba ni direktè lekòl elèv la prale a ni ba direktè lekòl l ap soti a ak

ba paran l pou fè yo konnen nan ki lekòl elèv la ap transfere ak dat efektif transfè
a. Lekòl la dwe yon lekòl kote elèv la ap resevwa yon edikasyon ki apwopriye.

C. Tande

1. Si paran an fè demand yon odisyon, direktè egzekitif la ap pwograme yon odisyon rapid avèk biwo odisyon an. Yo dwe fè odisyon an adistans oswa anpèsòn, si paran an mande sa.
2. Jan pou fè odisyon an
 - a. Yo pa p fè yon deba si direktè lekòl la/reprezantan l pa prezan.
 - b. Nan ka yo ranvwaye yon odisyon poutèt paran an pa prezan, biwo odisyon an ka repwograme odisyon an pou l fèt nan espas twa (3) jou lekòl. Yo pa p otorize okenn lòt sispansyon deba si pa gen sikonstans espesyal.
 - c. Nan ka kote paran an pa vini nan yon deba ki te repwograme yo ka fè deba a san prezans paran an sof si yo konsidere yon rezon valab pou yo ranvwaye deba a. Si yo fè yon deba *in absentia*, moun ki anchaj deba a ap dekri efò otorite lekòl la te fè pou garanti prezans paran an ak elèv la, epi y ap kontinye avèk deba a. Y ap enfòmè elèv la paran an alekri sou deba ki te fèt nan dat yo te prevwa a ak sou tout desizyon yo pran.
 - d. Otorite lekòl la responsab pou montre ke elèv la ta benefisye si yo transfere l oswa l ap resevwa yon edikasyon ki apwopriye nan yon lòt lekòl.
 - e. Otorite lekòl la ak paran an ka prezante temwen epi poze yo kesyon, epi yo ka vini avèk prèv.
 - f. Ofisye ki responsab deba a gen otorizasyon pou fè temwen prete sèman ak bay lòd konparisyon *subpoenas* pou nenpòt temwen ki pa vle konparèt, epi li gen dwa pou egzije prezantasyon prèv avan li delivre yon lòd konparisyon. Swa otorite lekòl la swa paran elèv y ap konsidere transfè pou li a ka kontakte Hearing Office la pou mande yo delivre subpoena pou temwen. Se otorite lekòl la k ap remèt *Subpoenas* pou anplwaye oswa elèv DOE yo. Elèv temwen pa ka konparèt san konsantman paran yo kit yo resevwa lòd konparisyon kit se yo ki dakò pou konparèt pou temwaye.
 - g. Y ap kenbe yon dosye ki anrejistre oswa ki tape motamo ak estenografi sou deba a. Y ap bay paran an yon kopi kasèt la oswa pwose-vèbal la si yo mande sa.

D. Desizyon

1. Nan espas senk (5) jou apre deba a, Direktè egzekitif la dwe voye yon lèt ba direktè lekòl a ak paran an pou fè yo konnen desizyon li pran an ak rezon ki fè li pran desizyon sa a.

2. Si Direktè egzekitif la rejte rekòmandasyon pou transfè a, desizyon li pran alekri a ap endike sèvis edikatif ak pedagogik apwopriye, si genyen, pou yo bay nan lekòl kote elèv la ye kounye a.
3. Si direktè egzekitif la apwouve rekòmandasyon transfè a, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment), nan kolaborasyon avèk Sipèentandan an pral decide yon plasman lekòl ki apwopriye. Direktè egzekitif la pral presize tou nan lèt la lekòl y ap transfere elèv la ak dat transfè a ap efektif. Lekòl la dwe yon lekòl kote elèv la ap resevwa yon edikasyon ki apwopriye. Direktè lekòl kote elèv la ap transfere a dwe resevwa tou avi sou transfè a.
4. Direktè egzekitif la gen pouvwa pou decide dat transfè a ap efektif dapre sikonstans yo. Yo ka fè konsiderasyon pou elèv k ap transfere a nan fen semès la oswa nan peryòd la anpatikilye, lè sa apwopriye. Elèv la pral kontinye ale nan lekòl li ye a jiskaske dat transfè a efektif.
5. Yo pa p rekòmande ni egzekite transfè envolontè nan pwogram ki pa bay diplòm (paegzanp pwogram GED atan plen) oswa nan pwogram atan pasyèl pou okenn elèv, kèlkeswa laj yo.
6. Lèt ki soti nan men Direktè egzekitif la pral bay elèv la ak paran li enfòmasyon tou sou dwa yo genyen pou mande rekonsidere desizyon an.

V. APÈL

Yo dwe fè tout apèl alekri epi voye l ba Chanselye a².

Yo dwe fè yon apèl pou yon desizyon nan delè dis (10) jou lekòl apati dat yo te pran desizyon an oswa nan delè dis (10) jou apati dat yo resevwa kasèt anrejistreman an oswa pwosè-vèbal deba a, kèlkeswa sa ki rive apre a. Lè apèl la annatant, yo dwe kontinye avèk transfè a.

² Apèl yo voye ba Chanselye a dwe ale jwenn tou anmenm tan *Office of Legal Services*, Room 308, 52 Chambers Street, New York, NY 10007 .

VI. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Safety and Youth Development

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telephone: 212-374-6784

Fax: 212-374-5751

Office of Legal Services

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street – Room 308

New York, NY 10007

Telephone: 212-374-6888

Fax: 212-374-5596